# Нур

ISSN 0207-6551

1

2017

6+






*Цlыкlухэ, фэрэ дэрэ дызэщыгуфlыкlыу илъэсыщlэ дытехьащ. Мурадыфlу фигу ифлъхьар къывэхъулlэу, фи гур еджэным етауэ, хабзэ фхэлъу, фэркlэ нэхъыжьхэр гушхуэу фыкъэхъуну фи журнал цlыкlур къывохъуэхъу. Фэри абы фыщlехъуэхъужын щхьэусыгъуэ иlэщ.*

*Мы гъэ дызытехьам, 2017-м илъэс 35-рэ ирокъу «Нур» журналыр.*

*Абы япэ лъэбакъуэ щичым мыр жиlэу ехъуэхъуауэ щытащ псоми фlыуэ тлъагъу тхакlуэ* ***КIЫЩОКЪУЭ Алим.***

Хъыджэбз цlыкlуи щlалэ цlыкlуи
Сыфхуэгуфlэу сывохъуэхъу.
Хэхъуэ защlэу журналыщlэм
Гъуэ пэжи фэ фыхуэхъу:
«Къытехуахэр ди нэ-ди псэщ,
Къытемыхуэм нэр къыхуокl», –
Жыфlэу, «Нурыр» чэнджэщэгъуи
Тхылъым еджэм къыфхурехъу.

Зы лъэбакъуэ ичыхамэ,
Гъуэгум тетым хигъэщlащ.
Нур къыпихыу къиубламэ,
Дыгъэр и пlэ иуващ.
Сыфхуэгуфlэу сывохъуэхъур:
– Фlыщlэ жыгыр фхухасащ.
Махуэм – дыгъэу, жэщым – мазэу
«Нур» и нурыр къыфтепсащ.

*«Нур» № 1, 1982 гъэ*

Журналым и еджакlуэ цlыкlухэ, лъэпкъыр зыщыгугъыр, и плъапlэр фэращ! Сывохъуэхъу насып, гуфlэгъуэ куэду фиlэну, фи гъащlэр кlыхь хъуну, нэхъыжьхэм щапхъэ ятефхыу, ди пщlэмрэ ди щlыхьымрэ хэвгъахъуэу фыпсэуну.

***КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,***
тхакlуэ

Илъэс 35-рэ хъуауэ ди сабийхэр зыгъэгуфlэ «Нур» журналым сохъуэхъу ефlакlуэ зэпыту иджыри гъуэгуанэ кlыхь къикlуну, щlэныгъэ зиlэ, дахэу гъэса щlэблэ къытщlэхъуэнымкlэ ар сэбэп тхуэхъуну.

***ТХЬЭМОКЪУЭ Женэ,***
lуэрыlуатэ щlэныгъэрылажьэ

Мы дунеишхуэм нэхъ дахэу, нэхъ гурыфlыгъуэу щыlэр сабийм я гъэсэныгъэращи, ар «Нур» журналым и къалэнхэхъыщхьэщ. Абы нэхъ lуэхушхуэ лъэпкъыми и пщэ дэлъкъым.

Нобэ балигъыпlэ ныбжьым нэса журналым и лэжьакlуэхэм сывохъуэхъу ди щlэблэм щlэныгъэ, дэрэжэгъуэ, гурыфlыгъуэ яlэу къэгъэхъуным хуэвлэжьыр минкlэ бэгъуауэ сабийхэм ялъысыну, абы фэри зыдэвгуэщlыну.

***БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч,***
сурэтыщl

*«Нур» журналым деж!*

Адыгэ щlэблэм и дунейр зи бзий хуабэхэмкlэ зыгъэнэху ди «Нур» цlыкlу!

Нобэ хуэдэщ илъэс 35 ипэкlэ зэщlэпщlыпщlэу, зэщlэлыдэу ди гъащlэм укъыщыхыхьар. Абы щыгъуэ къыпщыгуфlыкlыпэу япэу укъэзыщтахэм иджы езыхэм щlэблэ къащlэхъуэжащ. Ауэ Уэ узэрыщытащ: удахэ цlыкlущ, уlущщ, бзэ lэфl пlурылъщ, а псом я щхьэжыраци, уныбжьэгъуфlщ. Аращ Уэ цlыкlухэм сыт щыгъуи уралэпэгъуу щlыщытыр, уи дэтхэнэ къыдэкlыгъуэри яфlэфlыпсу щlыщlаджыкlыр.

Уи ныбжь емылъытауэ, Уэ икlи уегъэджакlуэ щыпкъэщ – сабиипсэр фlым, дахагъэм щlыбогъэхъуэпс. Анэдэлъхубзэ зэщlэжьыуэмкlэ яхуоlуатэ щlыуэпсым и зэхэлъыкlэмрэ и хьэлэмэтагъымрэ, гъащlэм и лъапlагъэмрэ и lэфlагъымрэ, щlэныгъэм и щэхухэмрэ абы къыпыкl фlыгъуэмрэ.

Уэ угъэсакlуэ lэзэщ. Еш уимыlэу Уэ ухуолажьэ цlыхубэм хигъэщхьэхукlа лъапlэныгъэхэр я гъуазэу щlэблэр жылагъуэ гъащlэм хэшэным, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу къэгъэхъуным, ныбжьыщlэм и зэчиймрэ зэфlэкlымрэ зегъэузэщlыным. Уэ уи пщэ дэлъщ цlыкlухэм я Хэкур фlыуэ ялъагъуу, жылагъуэ lуэхухэмрэ щхьэзакъуэ гурыгъуэхэмрэ зрагъэзэгъыфу, благъэми хамэми яхуэфащэ пщlэ хуащlыфу ахэр къэгъэтэджынри.

Нтlэ, апхуэдиз фlыгъуэрэ хуабагъэрэ къыдэзыт «Нурым» хуэфащэкъэ гулъытэрэ пщlэрэ?! Ар шэч къызытумыхьэжынщ. Уи нурыр сабиипсэ минхэм ехуэбылlэу иджыри илъэсищэ lэджэкlэ лъэпкъым ухуэблэну, ди «Нур» цlыкlу!

***ТlЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,***
щlэныгъэлl, тхакlуэ

Зи къэхъугъуэ ди щlэблэм
Адыгэбзэ яlурылъу,
Я псалъэр быдэу,
Дыгъэ Нурыр къатепсэу
Тхьэм къытхуигъэхъу!

***ЦРЫМ Руслан,***
сурэтыщl

Дунейр зэзыгъэщlыху сабийм япэ ныбжьэгъу ухуэхъуныр къалэн инщ. Сабий журналыр щlэблэ губзыгъэ къытщlэхъуэнымкlэ сэбэпышхуэщ. Дунейпсо культурэр сабийм анэдэлъхубзэкlэ ябгъэдилъхьэу, абы еджэ цlыкlухэм я дуней зэхэщlэкlэм техуэу «Нур» журналым щlэблэ куэд иджыри къигъэхъуну сохъуэхъу.

***КЪЭЖЭР Иннэ,***
литературэмкlэ щlэныгъэрылажьэ

*Цlыкlухэ!*

Илъэсыщlэмрэ къыщалъхуа махуэмрэ фlыуэ зымылъагъу сабий щыlэу къыщlэкlынкъым. Псори фыпоплъэ а махуэшхуэхэм – фи дежкlэ лъапlэхэм. Илъэсыщlэ къихьам зэхъуэкlыныгъэ дахэхэр къыфхуздихьыну, фызыщlэхъуэпсхэр къывэхъулlэну сывохъуэхъу.

Мы гъэ дызытехьам "Нурыр» илъэс 35 ирокъу! Нобэ фlыгъ сабий журнал дахэ цlыкlум и япэ номерхэр, шэч хэмылъу, фи адэ-анэхэм яlэщlэлъащ. Ар дунейм къызэрытехьэрэ цlыху куэд игъэгуфlащ: яфlэхьэлэмэту щlаджыкlыу, усэ цlыкlу куэд гукlэ зэрагъащlэу, къызэджа шыпсэхэр я ныбжьэгъухэм хуаlуэтэжу, зэпеуэу Цlыкlураш и лэжьыгъэхэр къащlэу.

Цlыкlухэм къывбгъэдэкlыу дехъуэхъунщ «Нур» журналым куэдрэ фигъэгуфlэну, ныбжьэгъу пэж фхуэхъуну!

***БЕКЪАН Масирэт,***
Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхь зиlэ егъэджакlуэ






ХЬЭТУ Пётр

## ЩIЫМАХУЭ ПЩЭДДЖЫЖЬ

Къепсыхащ щIымахуэ дыжьыныфэр,
ЩIылъэр уэсчэсейуэ[1] зэщIибгъащ,
Губгъуи мэзи махуэм егъэбжьыфIэ,
ЖэщкIэ зэхекIухь жылагъуэзу хъуар.

КъыщIэкIащ ЩIымахуэр сурэтыщIу,
Сеплъри ди щхьэгъубжэм – ар къэсщIащ.
ТхыпхъэщIыпхъэ абджым трищIыхьыр
Дуней псом и теплъэу къыпхыщащ.

ИлъэсыщIэм пежьэу, къикIухьами,
Ди жьэкIащхъуэ Дадэр емыша, –
Iэжьэ зыкъизыхкIэ пщэдджыжьыпэм
Псей дахащэ тыгъэу къытхуишащ.

## ДУНЕЙ ХУЖЬ

Уэсым щIылъэр зэщIибгъауэ –
Гур хигъахъуэзу – уэсчэсейщ,
Жыгхэр пфIощIыр къэгъэгъауэ, –
Уэсбзууплъхэр[2] щыдолъей.
Жьыр кхъужьейм хэгъуэщыхьауэ
ЩещI, фиижу, ислъэмей…
Ди Хьэмыщэ зишыхьауэ,
Гъуэм къиплъыну, зикI, хуэмей.
Пэжу, щIыIэщ, пэр писыкIыу,
Уэс Дадэжьми зефыщIыж…
Ауэ сфIэфIщи, сыхэмыкIыу,
Дуней хужькIэ зызотIыж.

## ЖЭЩ ЩIЫIЭ

ЩIыбым сыкъыщIокIри, – сыту щIыIэ! –
Iэгур щIичу, бжэкъур къызэпхъуащ.
Дуней псор мэпIэнкIыр, зэщIоцIычэ,
Сытхъум ди кхъужьейр зэщIигъэтхъуащ.
Фийуэ жьыбгъэ Iэлхэр зэподжэжыр…
Аддэ жыжьэу бзу макъ гуэр къэIуащ.
Мазэ ныкъуэм – къакIуэри – и пэплъыр
Уэнжакъ хуабэм, месыр, ириIуащ.
Ди Хьэмыщэ къыщIэмыкI и унэм,
Зишыхьауэ, ар жэщ псом мэжей.
И шы Iэжьэм иту, папщэ-хъущIэу,
Уэс Дадэжьыр мэзымкIэ дожей…



[1] Уэсчэсей – хужьыбзэ.
[2] Уэсбзууплъ – бзу лIэужьыгъуэ – снегирь.
[3] Уэсмыв – уэс къесагъащIэ.

# Уэс Дадэжъ

Хэт бгъэдэтыр ди щхьэгъубжэм,
ТхыпхъэщIыпхъэ трищIыхьу,
Шхыдэу къытеуIуэр ди бжэм,
Уаер къыщIихуэн и пщIыхьу?

Ар Уэс Дадэщ, зи гур щIыIэщ,
Къыдыхьауэ пщIантIэм дэтщ.
ГущIэгъу лъэпкъ абы имыIэ,
Псори дигъэщтыну хэтщ!

Дэ абы дыщымышынэ,
Унэ хуабэм дэ дыщIэсщ,
КIущэ Гъурни, схуеуэу пшынэ,
Хуабэ-хуабэу къыскIэщIэсщ.

# Ди хадэм

Сыту бзаджэ ЩIыIэ Дадэр!
КъыщекIухьри итщ ди хадэм,
Умылъагъуу Iулъщ нэщыпхъуи,
Дунейм теткъым ар зэмыпхъуэ:

Ди пэр плъыжьу писыкIащ,
Ди нэкIущхьэр трижьыкIащ,
Хадэ псор зэщIегъэцIычэ,
Дыхигъэткъым мы уэсмычым![3]

КIий къытфIощIыр: «фикI мы хадэм!
Мыр си лъапсэщ!.. Сы-Уэс Дадэщ!..
Сыпащтыхьщи, Уаеу щыIэм
Сакъеджэнщи – фисынщ щIыIэм!..»

Дэ уэсгуащэ щыдощI хадэм,
Къидмыдзэххэу а Уэс Дадэр...
Псэ хэтлъхьэнщи ди уэсгуащэм,
ПщIэ хуэтщIынщ абы хуэфащэу:

Усэ цIыкIу дыкъыхуеджэнщ,
ХуэтщIу джэгу – дыкъыдэфэнщ!



КІЭБЫШЭ Лилэ

# ГУЩІЭГЪУ

*Рассказ*

Ди гъунэгъум я хьэ Тузик цІыкІу щыбанэкІэ, и «кІау-кІаум» уи Іупэ зэтригъэжт, мо хужь-фІыцІафэу зэхэлъ лъабэ кІэщІ быртІымым. Ар зылъэгъуауэ зигу иримыхьа срихьэлІатэкъым. АфІэкІа сурэт зимыІэм ширищ ипІырт иджы, анэ хъуауэ. Абы и хъыбарыр гъэщІэгъуэн хъунтэкъым, дауи, ширищ къудейкІэ и Іуэхур зэфІэкІамэ. Къэхъуари? Ар зей унагъуэм я джэду анэр кІуэдри, и шыр цІыкІу закъуэр пщІэуууэ къэнати, ари мо и хьэвшыр цІыкІухэм ядипІырт, зэхэгъэж имыщІу, хьэблэ псом ягъэщІагъуэу. АтІэ, абы и хъыбарыр къызэрыхъуар мыпхуэдэущ:

Зэгуэрым, хьэ цІыкІур и щІэжьейхэм къащыхыхьэжым, абы джэду шырыбзэ яхэсу къилъэгъуащ. Ахэр псори зэхэпщхьэжауэ зэрыгъэхуабэти, я хьэ анэр къызэралъагъуу хьэвшырхэр къэгуфІауэ къызэщІэхъеящ. Джэдум, къащтэ мыгъуэри, зыкъигъэубэлэцыну хуежьат, арщхьэкІэ, къару и мащІэти, ардыдэр хузэфІэмыкІыу зы хьэвшырым и къуагъ зыкъуигъэпщкІуащ. Хьэр губзыгъэнэкІэ абы зытІэкІурэ еплъщ-еплъри,– дэ тщІэн ар зэгупсысар,– епэмащ, итІанэ ебзеящ. Мо мэжэщІэлІа «цы Іэмыщ Іэм» шэмэ къыщІихьа хъунти, занщІэу хьэм епщылІэри щІэфащ. Мис абдеж щыщІэдзауэ, хьэблэ сабийм ягъэщІагъуэу, хьэм а джэду шырыр ипІу хуежьащ.

Аурэ зэманыр кІуэрт. Хьэ унагъуэ дахэм къеплъакІуэрт гъунэгъухэри, хьэщІапІэ къакІуэхэри, хьэблэм сабийуэ дэсри. Джэду шырыр, я шыпхъу цІыкІу закъуэ фІэкІа умыщІэну, къахэлыдыкІырт мо и «дэлъху къуейщІейхэм», хужь дахэ къэхъуарэ и цыпэхэр лыдыжу. Ахэр я анэм хуэдэу лъабэ кІэщІ защІэхэт, дыхьэшхэнт. Псори фІы дыдэу екІуэкІыурэ, а цІыкІухэр ибэ хъу пэтащ зынапІэзыпІэм. Абы и хъыбар гуузыращ мы тхыгъэр щІэттхыжар:

Махуэ гуэрым, хьэ цІыкІур, и жьэм ширхэр зэригъэтхъэн шхын жьэдэлъу гъуэгум къыздызэпрыжым, машинэ къыжьэхэуэщ аби, пщІэууэ лъэныкъуэкІэ Іуидзащ. А дакъикъэм СултІанрэ Маратрэ школым къикІыжу ар къалъагъури, хьэм дежкІэ щІэпхъуащ:

– Уа-арэ, Тузик цІыкІу! Ди Тузик иукІащ! – СулътІан лъы къызыпыж хьэр къиштауэ, гуІэгъуэр телъу зиплъыхьырт, къилъыхъуэр езыми къыгурымыІуэжу.

– А машинэжьыр къызэрымыувыІа, къеуэри ежьэжащ,– гъыуэ машинэм и ІэштІымыр хуигъэдалъэт Марат. ТІури гъуэгукум зэритым гу лъатэжыххэтэкъым. Абы хэту, машинэшхуэ къэсщ аби, къэувыІащ. Абы къикІа лІыр кІиякъым икІи гуоуакъым, атІэ къэхъуам еплъщ, игъэзэжри, машинэм кърихахъыданыр хьэм кърищэкІащ.

– Фымыгузавэ, мыр псэущ, дохутырым нэгъэсын хуейуэращ. ФынакІуэрэ?

Жэуап яхуэтынутэкъым; щІалэ цІыкІуитІыр гъыуэ машинэмкІэ щыщІэпхъуэм, лІыр абы я ужь иуващ.

Іэщ дохутырым лъы защІэ хъуа хьэр щыхуашийм, – мыбы псэункІэ фыщыгугъыр? – жери къеплъати, щІалэ цІыкІуитІым я нэм щІэплъэри,– хъунщ, тхуещІэр тлъагъунщ, фымыгузавэ,– жери яІихащ. КІэлындорым а тІур кърикІукІ-нрикІукІыу здытетым куэдым я гур нэсащ, куэд зэрагъэзэхуащ, куэдым егупсысащ.

– Дохутырым хьэ зэщІэпхар иІыгъыу, – фымыгузэвэж, къарууфІэу къыщІэкІащ,– жэуэ къыщыщІэкІыжым, тІури зэгурыІуам ещхьу абы и гъусэ лІым зрадзри Іэплlэ хуащІащ. Ахэр зэщІэупщІэри, зэрыцІыхуащ, къуэши зэрыгъэхъуащ, игъащІэ псокІэ зэныбжьэгъуну. Дохутырым махуищ пІалъэ къаритри къиутІыпщыжащ ахэр.

Тузик зейм хуахьыжащ. Хьэ зэрыбыныр гуэщ хуабэм зэрагъэІэпхъуар ящІэ пэтми, Маратрэ СулътІанрэ абы махуищкІэ кІэлъыкІуащ. Махуищ нэужьым ахэр я ныбжьэгъу щІалэм и гъусэу Іэщ дохутырым деж кІуэщ, хьэм кърагъэплъри, адэкІэ ящІар фщІэрэ? Зы унэ лъагэ гуэрым а щІалэм СулътІанрэ Маратрэ ишэщ, Тузик яІыгъыу сурэт къатрыригъэхри къиутІыпщыжащ.

Махуищ дэкІри, щІалэ цІыкІуитІыр школым цІэрыІуэ щыхъуащ; къуажэ псом къащІащ Тузик и хъыбарыр. Сурэтыр газетым къытехуауэ арат.

*А Тузик дахэ цІыкІу къупщхьэ жьэдэлъу гъуэгум щызэпрыжым, абы къыжьэхэуа машинэм дэса щІалэр жэщкІэ хуиту жейуэ пІэрэ, хьэмэрэ пщІыхь Іей илъагъурэ?.. ЦІыхуфІи цІыху Іеи дунейм тетщ. Мы хъыбарым фэри Іущ фрихъун хуейщ. Тузик и Іуэхум хуэдэ дакъикъэхэр къыщыхъум и дежщ цІыхур гу къабзэрэ гу Іейрэ къыщыпцІыхур.*



*БОРЫКЪУЕЙ Жаннэ*

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ



**Э**

Э-р мазэщIэм ещхьт, ехъуапсэт,
Сэри уэгукIэ сыхуэхъуапсэт.
Уэгум ар изгъэтIысхьащ,
Езым бзэгу къысхуридзащ.



**М**

М-р Iуащхьэмахуэу
Бгы абрагъуэщ.
М-р си адыгэм
И быдапIэщ!



**Р**

Р- хьэрфыр бэракъзехьэщ,
Р- хьэрфыр – ар пэрытщ.
Бэракъыу жьым зэрихьэр
Р хьэрфым иIыгъыфщ.



**Ы**

Ы-р шыуану ныбэ чейщ,
И бэлагъыри чэщейщ.
Бэлагъыщхьэ къыхэпхынщ,
Мырамысэ ирипшхынщ.



**Ж**

Ж-р жыгышхуэ дахэкIейщ,
ПхъэщхьэмыщхьэкIэ къулейщ.
«Фыкъеблагъэ», жиIэрейщ,
ЛъэныкъуитIымкIи пкIэлъейщ.



Б-р бжьынышхуэу къытхуэкlащ,
Бынунагъуэм къыщlэтчащ.
Берычэту тхуэбэгъуащ,
Благъэ псоми яlухуащ.



Жь-р дэсщ жьантlэм,
Щlэсщ жьауапlэм.
Фэри хуэфщl жьы хъуам нэмыс,
Къыфщхьэщыту фыщымыс.



Ф- м фащэщlэ щитlэгъащ,
Ар Ф-м екlуу къыщlэкlащ.
Зигъэщlагъуэу фащэр щыгъщ,
И шхужьитlым lэр щиlыгъщ.

Псы lуфитlым щыпхъащlауэ
И- р адрыщl зэпроплъ.
Ар лъэмыжкlэ зэпищlауэ
Иджы гуфlэу йоплъ.





Хитlэ-хисэу «ислъэмей»,
Й-м и пылэр дредзей:
«Ирефlакlуэ уи пщэдейр,
Си Хэку дахэу Къэбэрдей!»

# АДАКЪЭ ХАХУЭ

### *ТхьэкIумэкIыхьым и вакъэр едыжри бжэщхьэIум тесщ*

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Мыдэ си вакъэр здыжмэ, анэшым сыкIуэнщ. Нысэ къашауэ хъыбар къызагъэщIащи, сыкъыщыфэнщ, си нэгу зезгъэужьынщ... *(Iэдакъэжьауэ ещIри маплъэ).* Мы къакIуэр хэт? Бажэра? Сытым къысхуихьауэ пIэрэ?

***Бажэм** (къыбгъэдохьэри).* Сыт ухуэдэ, си шыпхъушхуэ?

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** ДыфIщ, тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ. Къеблагъэ, Бажэ цIыкIу, хьэщIэ утщIынщ.

***Бажэм.*** Деблэгъаи!

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Сытым укъытхуихьа?

***Бажэм.*** Аслъэным и унафэр зэхэпхакъэ? Уи унэр сэ къызатащ.

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Iэу, сэ дэнэ сыкIуэн итIанэ?!

***Бажэм.*** Уэри унафэ гуэр къыпхуащIынщ. Дэни кIуэ, ухуейм губгъуэм ис – абы сэ си Iуэху хэлъкъым. «ЩIымахуэр къэсащ, Бажэм егъэзыпIэ гуэр иIэн хуейщ», – жари уи унэр сэ къызатащи, щIэкI.

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Ар дауэ хъун, си дэлъхужь, сыт телъыджэлажьэ къызжепIэр? *(И щхьэ хуэтхьэусыхэу):*

Уэузэуэу гущэ,
УэузэуэуитI...

Си тхыр къыдихуауэ
ПсэкIэ унэ сщIар
Бажэм иратыну
Хэт си суд зыщIар?*(Зыхуигъэзауэ):*
Аслъэнышхуэм сыткIэ
Уэ и нэфI пщыхуа?
Уэ бзэгузехьэ бзаджэм
СыткIэ ар пхьэхуа?!

***Бажэм.*** Уи Iуэху хэлъкъым!

***ТхьэкIумэкIыхьыр** (мэгъынанэ).*
Уэузур си махуэщ,
Уэузур си кIуэдщ...
Си натIэри джафэщ,
Си гъащIэр псэкIуэдщ...

***Бажэм.*** Хъунти, хъунти иджы, алейкIи умыгъынанэ, унафэр унафэщ: инэрал щхьэ гъуанэм ухуэтхьэусыхами, зыри къикIынукъым.

*Бажэр унэм щIохьэри бжэ-щхьэгъубжэр кърегъэбыдэкI, дзапэ уэрэд къыхедзэ:*

Дыгъэм сэ срикъуэщ,
Си фэр дыщэ плъыжьщ,
Мазэм срипщыкъуэщ,
Ари схуэIэижьщ.
Мэзым и пащтыхьым
СриIупэфIэгъущ,
Аслъэнышхуэ дотэм
Сричэнджэщэгъущ.
Уой-рэ,уэрира,
Уэрирэ-рира.

1

Адакъэ хахуэм и сурэтыр мыбдеж игъэувэ.
Ар напэкIуэцI 13-м итщ





***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Сыумыгъэунэхъу, си дэлъхужь. Губгъуэм сыкъыумынэ.

***Бажэм*** *(унэм къыщIопсэлъыкIри).* Умыгъынанэ, жысIакъэ! Уэзгуэудами, сынышщIэкIыжынукъым. Куэдщ уэ мыбы уээрыщIэсар, иджы сысейщ.

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** УлIэжынукъэ уэ?

***Бажэм.*** Уи жьэр зэтепIэ! СынышщIэкIмэ, фIы щIэпхынкъым!

*ТхьэкIумэкIыхьыр пщIантIэм къыдонэ. Мыщэр къорохьэлIэ.*

***Мыщэм.*** Мыр сыт, ТхьэкIумэкIыхь цIыкIу, щхьэ угъырэ?

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** СыткIэ сымыгъынрэ, Мыщэжь? Бажэр къакIуэщ, си унэр сфIиубыдри, щIыбым сикъыдинащ.

***Мыщэм.*** Хьэдэгъуэдахэр къызжепIаи!

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Мес, уэрэд къорешри щIэсщ. *(Бажэм и макъ къыщIоIукI):*

..Уойрэ, уэрира,
Уэрирэ-рира...

***Мыщэм.*** Сэ сыхурикъунщ абы! *(Бжэм тоIуэ.)* Ей, напэншэ, мы тхьэмыщкIэм фIэкI узытегушхуэн умыгъуэтауэра уэ?

***Бажэм*** *(унэм къыщIопсэлъыкI).* Сыт узыхуейр?

***Мыщэм.*** КъыщIэкI мы унэм!

***Бажэм.*** Щыгугъ абы..

***Мыщэм.*** СынышщIыхьэнщи, уи фэр тесхынщ.

***Бажэм.*** Уи фэр тесхынщ, жыпIа? Догуэ зэ, мыдэ си МЫЩАФЭ вакъитIыр лъызгъэтIагъэ: зи фэ трахым деплъынщ хэтми! *(Iэуэлъауэ зещI.)*

***Мыщэм*** *(шынауэ къокIуэтыж).* ЕмыкIу сыкъыумыщI, ТхьэкIумэкIыхь цIыкIу: щIыхьэху сокIуэри сопIащIэ. Нэхъ пщыхьэщхьэ хъумэ, къытезгъэзэнщ. *(ЗыIурегъэх.)*

***Бажэм.*** Плъагъуркъэ а лъэбыцэжьым и гугъэр! Уэри уэ! *(Дзапэ уэрэдыр къыхедзэж.)*

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Сыт мыгъуэр си махуэ... *(Мэгъынанэ. Дыгъужьыр къорохьэлIэ.)*

***Дыгъужьым.*** Сыт, щхьэ угъынанэрэ?

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** Бажэм си унэр иубыдащ. ЩIымахуэр къэсащ, губгъуэм сыкъинакъэ иджы, Дыгъужь.

***Дыгъужьым.*** А напэншэм ищIам еплъыт! Умыгъ, сэ къыщIэсхужынщ ар... *(Бжэм тоIуэ.)* Ей, напэ зимыIэ кIэ бацэ, дахэкIэ къыщIэкIыт! Уи адэм пхуригъэщIауэ уи унэ уи гугъэж мыр?!

***Бажэм.*** Дауэ жыпIа?!

***Дыгъужьым.*** КъыщIэкI жысIащ унэм! Гуэныхьщ пщIантIэм къыдэбна мы тхьэмыщкIэр. СынышщIыхьэмэ, уи фэр тезудынщ.

***Бажэм.*** ЗэумыпIащIэт, мыдэ си ДЫГЪУЖЬЫФЭкIагуэр щызгъэтIагъэт. Зи фэ траудыр хэтми уэзмыгъэлъагъумэ, Цыпэплъ и къуэ БажэкIэ зэджэр сэракъым!

***Дыгъужьым*** *(шынауэ тхьэкIумэкIыхьым жреIэ).* Уи Iуэху дахэ ухъу, си шыпхъу цIыкIу: сэ нэхъыщхьэр къызэджащи, сопIащIэ. ИужькIэ сыкъэкIуэнщ. *(ЗыIурегъэх).*

***Бажэм.*** СынышщIэкIыху, уIумыкIыжащэрэт: хьэбэсабэр къыпхезгъэхынт!

*(ТхьэкIумэкIыхьым щIокIие.)* Угъынанэу куэдрэ удэтыну пщIантIэм? Жылэр щхьэ зэщIэбгъэстрэ? ЗыIуегъэх адэ!





***ТхьэкIумэкIыхьым.***
Уэ си вагъуэр йожри,
Дыгъэр ункIыфIаи.
Си насыпыр бложри,
Си гур упщIыIуаи.
Уэуэ-уэуэуитIыр
Сэ си махуэ хъуаи,
Мы мэзышхуэ дахэри
Сыбгынэн хуей хъуаи…

*Адакъэр къырохьэлIэ, мэкъуауэ къокIыж, и дамащхьэм шэмэдж телъщ.*

***Адакъэм.*** Сыт къэхъуар, щхьэ угърэ?

***ТхьэкIумэкIыхьым.*** СыткIэ сымыгъынрэ: Бажэм си унэр иубыдащ.

***Адакъэм.*** Ар Iуэху-тIэ? Абы щхьэкIэ угъ хъурэ! Сэ абы сыхуримыкъумэ, Адакъэплъ сыкъуилъхуауэ сыдж стеткъым! Нобэ лъандэм солъыхъуэ а Бажэ жыхуэпIэм... *(Бжэм тоIуэ.)* Хэт мыбы щIэсыр?!

***Бажэм.*** Сэращ...

***Адакъэм.*** Уэ ухэт?

***Бажэм.*** Сы-Бажэщ.

***Адакъэм.*** Еплъыт мыр здэщыIэм! Нобэ лъандэм укъызолъыхъуэри узгъуэтыркъым.

***Бажэм.*** Сыт сызэрыпщIынур?

***Адакъэм.*** КъыщIэкI мыдэ! УэзрысщIынур бжесIэнкъэ, укъыщIэкIмэ!

***Бажэм.*** Иджыпсту...

***Адакъэм.*** КъыщIэкI, жысIакъэ!

***Бажэм.*** Си вакъэр лъызотIагъэ...

***Адакъэм.*** Куэдрэ сызэбгъэжьэну?!

***Бажэм.*** Си кIагуэр щыстIагъэмэ...

***Адакъэм.*** Вакъэ, кIагуэ зэрыжиIэ абы! *(Бжэм йоныкъуэкъу.)* Щхьэ ужьажьэ апхуэдизу! Мы шэмэджыр убыдыт, ТхьэкIумэкIыхь цIыкIу... Уи цыр сщыну узгъуэтыркъым. *(Бжэр Iуеуд.)*

***Бажэм.*** Уэуэуэуэу! *(Щхьэгъубжэм долъри щIопхъуэж).*

***Адакъэм.*** Уэри! Насып уиIэти, укъысIэрыхьакъым! *(ТхьэкIумэкIыхьым жриIэу.)* Унэр къыпхуэнэжащ. Тхьэм ущIигъэтыншыхь.

***ТхьэкIумэкIыхьым.***
Уэ си адакъэпщу
Пщыгъуэр зылъысын,
Зи лъэуейр дыщэпскIэ
Тхьэм къызыхуиблэн
Благъэ нобэ сыпщIым
Сэ узгъэпэжынщ,
Благъуэ упэщIэхуэм,
Сэ укъезгъэлынщ.
Уэр мыхъуамэ, губгъуэм
Нобэ сыкъинат,
Бажэ нэжэс жагъуэр
Си унэм къинат.

*(Бзухэм дежкIэ зегъазэри):*
Фэ бжьамияпщэхэр фыкъеуэ пшыналъэ!..
*Пшыналъэм хэту адакъэмрэ тхьэкIумэкIыхьымрэ къызэдоудж.*



Зытхыжар
***КЪАРМОКЪУЭ Хьэмидщ***

Адакъэм и илъэсщ мы дызытехьари, дывгъэгъэлъапІэ, цІыкІухэ.

Адакъэ хахуэм и сурэтыр фелІалІэу къыхэвгъэж, тІууэ зэкІуэцІыфлъхьэ (зыр гупэу, адрейр щІыбу). Нагъыщэ 1, 2 зытетхэр тегъэпщІапІэхэращи, ахэри я бжыгъэхэм хуэзэу напэкІуэцІ 10, 11-м деж быдэу тевгъапщІэ. ИтІанэ, напэкІуэцІыр къыщызэгуэфхкІэ, адакъэр къызэфІэувэнущ.

Щапхъэм феплъ.






ЩIАЛЭ ЦIЫКIУХЭР СЫТ ЗЭХЪУАПСЭР?..







...ПЩАЩЭ ЦIЫКIУХЭР ЗЫЩIЭХЪУЭПСЫР?



# КЪЭЩIЭРЕЙ



1. Хъым ихуа хьэрфхэр къэвгъэсэбэпурэ псалъэ 15 ищIагъымкIэ иIэ таблицэхэм ифтхэ: хьэрфитI, хьэрфищ, хьэрфиплI хъуу псалъэ тхурытху. Сурэтхэр дэIэпыкъуэгъу фщIы. Сытым и сурэт хъым ит хьэрфхэм къахэпщIыкI мыхъунур?




| | |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

2. Къуажэхьхэм я жэуапхэр хъым къивджыкI.

| | | |
|---|---|---|
| Хьэ къаритI зэгъунэгъущ. | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| КъуапиплI, плIаний, тхьэхуэлажьэ, лэжьапIэншэ. | | | |

3. Илъэсыщiэ къихьам и нэщэнэ адакъэм и сурэтыр узэрыфIэфIу лэж.





Фи лэжьыгъэхэр евгъэхь мы электроннэ адресымкIэ: masirat-bekanova@mail.ru

НУР ЦIЫКIУРАШ

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***



Нартан къуажэ щыIэ «Вагъуэ цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупым и солист, илъэс 11 ныбжьым ит Абазэ Марат Москва щекIуэкIа «Синяя птица» къэралпсо телеезэпеуэм зыкъыщигъэлъагъуэу, «Къамэрыфэ» игъэзащIэу сурэтыр трахащ.


*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 1 2017 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
23.01. 2017 г.
Выход в свет 30.01. 2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, beer money, BIP
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2810 экз.
Заказ № 59
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России – 11,64 руб.; за 6 мес.– 69,84 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33